

PANGANAN TRADHISIONAL KABUPATEN TULUNGAGUNG (Tinting Folklor)

Via Puspitasari

PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

Abstrak

Kang dadi underaning panaliten, yaiku: (1) Kepriye wujud lan cara nggawene panganan tradhisional Kabudayan iku ora bisa uwal saka panguripane manungsa, awit saka sistem religi nganti sumber sandhang pangan tetep ana gegayutane karo kabudayan. Salah sijine jinis kabudayan yaiku panganan tradhisional. Panganan tradhisional salah sawijine wujud kabudayaan kang kudu dileluri. Kaya dene panganan kang kerep didol ing pasar yaiku sompil, punte, jenang lan sapanungale. Panganan khas Tulungagung ora amung diarani panganan tradhisional ananging bisa diwedhar kanthi luwih rowa lan jero ngenani kepriye jinis-jinis, wujud lan cara nggawene panganan iku. Jinis-jinis panganan khas kasebut narik kagiyatane panaliti kanggo dijlentrehake luwih jembar kanthi tintingan folklor.

khas ing Tulungagung, (2) Kepriye fungsi panganan tradhisional tumraping masyarakat. Panaliten iki nduweni tujuan kanggo ngandharake wujud lan cara nggawene panganan tradhisional khas ing Tulungagung lan ngandharake fungsi panganan tradhisional tumraping masyarakat. Kang dadi paedhahe panaliten yaiku bisa njaga lan nglestarekake panganan tradhisional Kabupaten Tulungagung, menehi wawasan lan gambaran ngenani panganan tradhisional Kabupaten Tulungagung lan bisa ngenalake jinis panganan tradhisional Kabupaten Tulungagung.

Kanggo ngonceki perkara kang dadi punjering panaliten, digunakake pamawase Hutomo (1991:64) ngenani folklor pamawase Danandjaja (1986:2) ngenani simbol minangka pralambang pamawase Poerwadarminta (1937:947).

Panaliten ngenani Panganan tradhisional Kabupaten Tulungagung migunakake metode dheskriptif kualitatif. Panaliten dheskriptif iku mujudake panaliten non hipotesis kanthi tujuwan nggambarake wujud, kanthi nggunakake ancangan kualitatif. Kang dadi objek lan papan panaliten yaiku ing pasar-pasar ing Kabupaten Tulungagung. Sumber panaliten yaiku panganan ing Kabupaten Tulungagung, kang dadi informan yaiku warga kang dianggep mangerteni babagan panganan khas Tulungagung. Data panaliten yaiku asil saka wawanrembug kang arupa teks lisan uga chatetan. Instrumen panaliten sing digunakake yaiku panulis amarga panulis sing nindakake panaliten iki diwujudake arupa laporan kang disusun wiwit nol nganti pamungkasan lan kanggo nyengkuyung nindhakake panaliten. Kang dadi instrumen yaiku *tape recorder*, *kamera* lan buku catetan. Tatacara ngumpulake data yaiku Observasi, wawanrembug lan dokumentasi. Tatacara ngolah data ana telung ambalan kang dilakoni yaiku *open coding*, *acial coding* lan *selective coding*.

Panganan tradhisional kabupaten Tulungagung iki isih akeh pangananane. Nanging ing kene panaliten bisa njupuk mung ana rong puluh wujud panganan kang bisa diteliti, yaiku geti, jenang sabun, jenang manten, lodho, punten, kicak, cenil, cimplong, sega patik, sega loncom, krupuk rambak, bubur ketan, emping melinjo, tape bakar, utri, gethuk, gathot, thiwul, growol, iwel-iwel. Panganan-panganan iki nduweni fungsi yaiku fungsi profan lan magis. Miturut Kamus Besar Indonesia (2001:897) Profan yaiku ora ana sangkutane karo agama, utawa tujuwan keagamaan, lawan skral. Ora kudus (suci). Magis yaiku nduweni sipat magi, nduweni sambungan karo bab utawa kelakuan magi (Kamus Besar Indonesia 2001:695).

Panganan profan yaiku fungsine kanggo perekonomian keluarga, kanggo oleh-oleh, perekonomian restoran, panganan dinan-dinan, panganan camilan, perekonomian warung, perekonomian usaha ing pasar lan perekonomian ing omah. Panganan magis yaiku fungsi kanggo riyayan, kanggo tahlilan, slametan sing nduwe kajatan, ana pas wekru jumat kliwon, slametan pindah omah, slametan uba rampe lan slametan pitung wulane bayi.

Sing kalebu panganan profan yaiku: geti, jenang sabun, jenang manten, lodho, punten, kicak, cenil, cimplong, sega patik, sega loncom, krupuk rambak, bubur ketan, emping melinjo, tape bakar, utri, gethuk, gathot, thiwul, growol, iwel-iwel. Sing kalebu ing magis yaiku: geti, jenang sabun, jenang manten, lodho, iwel-iwel.

PURWAKA

Indonesia iku nduweni kabudayan kang maneka wernane, amarga masyarakat Indonesia kalebu masyarakat kang “majemuk” nduweni maneka warna suku, bahasa, budaya, lan religi. Mula saka iku, kabudayan ora bisa uwal saka panguripane manungsa. Kabudayan minangka warisan saka leluhur kang kudu dileluri supaya bisa tetep ngrembaka. Sakabehe aspek kabudayan jaman saiki uwis akeh lan beda karo jaman mbiyen. Masyarakat kudu gelem njaga lan nglestarekake kabudayane leluhur. Apamaneh akeh *nilai-nilai* lan wawasan urip kang uwis ilang lan ditinggalake.

Kabudayan nduweni kalungguhan kang wigati ing sakabehe tatanan uripe manungsa, amarga bisa aweh nilai lan makna sajroning urip. Mula saka iku, ora bakal ana manungsa kang urip tanpa anane kabudayan ing sakiwa tengene, kabudayan iku dhewe nduweni perangan-perangan tartamtu ing panguripane manungsa. Kabudayan ora mung bisa dibeda-bedakake wujud, nanging uga bisa kagolongake dadi telu (Sudikan, 2001:4), yaiku (1) Kabudayan Nasional, (2) Kabudayan Suku Bangsa (kabudayan dhaerah), lan (3) Kabudayan *lokal*. Sakabehe kabudayan-kabudayan kuwi raket banget gegayutane. Siji lan liyane padha nyengkuyung awit nduweni ancas mung siji, yaiku kanggo luwih nambahi regenge kabudayan ing Indonesia.

Wujud kabudayan iku dhewe maneka warna gumantung lingkungan, sosial, sejahe lan ngrembakane. Kabudayan bisa lestari amarga disengkuyung dening masyarakat. Miturut Koentjaraningrat (1985:5-6) kabudayan iku nduweni telung wujud, yaiku (1) Wujud kabudayan kang arupa panemu, nilai-nilai, norma-norma, lan tatacara sipate abstrak ora bisa difoto lan didemok. Minangka wujud kabudayan sing ngatur lan menehi arah tumrap salah bawane manungsa ing masyarakat, (2) Wujud kabudayan kang arupa tumindake manungsa kang trep ing masyarakat kayata *sistem sosial*. Tegese *sistem sosial* iki minangka wujud tumindake manungsa ing sajrone sesambungan karo manungsa liyane. (3) Wujud kabudayan kang arupa barang asil panggawene manungsa kayata candhi, panganan. Wujud iki minangka kabudayan nyata (fisik) lan bisa dideleng lan dirasakake dening pancaindra. Saka andharan ing ndhuwur bisa kadudut yen telung wujud kabudayan ora bisa kapisah antarane siji lan sijine ing uripe manungsa amarga kabeh nduweni gegayutan.

Budaya dumadi saka akeh unsur kang *rumit* kayata *sistem* agama lan *politik*, adat-istiadat, basa, perkakas, klambi, bangunan lan karya seni. Kabudayan kanthi ringkes bisa nduweni karep minangka tata laku lan pikir uga seni. Mula saka iku, pangerten babagan seni lan kabudayan ngandharake yen kabudayan iku minangka

asil olah cipta, rasa, lan karsa kayadene kaparcayan, kawruh, adat-istiadat lan sapanunggalane (Koentjaraningrat, 1994:9).

Panganan tradhisional Tulungagung minangka kabudayan lokal kang kalebu jinising *folklor*, yaiku *folklor* dudu lisan kang arupa material. *Folklor* kang wujud ora lisan, nanging cara nggawene diulang kanthi lisan kang nuwuhake asil. Tuladhane *folklor* dudu lisan kang arupa material yaiku arsitektur rakyat, sandhangan, panganan, lan obat-obatan tradhisional (Danandjaja, 1984:21). Dideleng saka konteks *folklor*, pangan Tulungagung kasebut nduweni fungsi *folklor* lan makna sing gegayutan karo masyarakat Tulungagung iku dhewe. Ing panaliten iki ngrembug, panganan tradhisional Tulungagung saka makna lan fungsi tumrap masyarakat. Dadi panaliten iki kalebu *folklor*, yaiku *folklor* dudu lisan.

Folklor iku dhewe asale saka basa Inggris *folklore*. Kanthi etimologis *folklor* asale saka rong tetembungan yaiku *folk* lan *lore*. Dundes (sajroning Sudikan, 2001:11) ngandharake yen folk yaiku sakelompok manungsa kang nduweni ciri-ciri *pengenal* fisik, sosial, lan kabudayaan saengga bisa dibedakake saka kelompok-kelompok-kelompok liyane. *Lore* yaiku saperangane kabudayan kang diwarisake turun-temurun kanthi lisan, utawa tuladha-tuladha kang kairing karo gerak lan isyarat. *Folklor* saemper utawa meh padha karo kabudayaan.

Ciri-ciri *folklor* miturut Danandjaja (1986:3-4) yaiku (1) cara nyebar lan marisake ditindakake kanthi lesan, yaiku disebarake saka pawongan siji marang pawongan liyane, (2) *folklor* nduweni sipat tradhisional lan carane nyebarake butuh wektu kang suwe, (3) *folklor* nduweni versi kang beda-beda, (4) *folklor* nduweni sipat anomin yaiku ora diweruhi sapa kang nyiptakake, (5) *folklor* nduweni rumus utawa pola, (6) *folklor* nduweni fungsi utawa piguna sajroning urip bebarengan ing masyarakat, (7) *folklor* nduweni sipat pralogis, (8) *folklor* duweke bareng-bareng saka kolektif tartamtu, lan (9) *folklor* umume nduweni sipat polos lan lugu.

Hutomo (1991:7-8) ngandharake kang jarwane konsep *folklor* iku sejatine nyangkup pirang-pirang babagan, yaiku (1) sastra lesan, (2) sastra kang katulis pendhudhuk dhaerah ing desa lan masyarakat cilik, lan (3) wujud budaya kang tradhisional, kerajinan rakyat, kesenian, rekreasi, arsitektur, Tradhisionalional, kerajinan rakyat, seni pande gamelan, obat-obatan tradhisional, ngelmu firasat, numerologi, seni ukir, tari lan dolanan.

Miturut Brundvan (sajrone Hutomo, 1991:8) nggolongake *folklor* dadi telu yaiku: (1) *Folklor* lesan (*verbal folklore*), (2) *folklore* saperangan lesan (*partly verbal folklore*), (3) *folklor* dudu lesan (*non verbal*

folklore). Dene definisine miturut Danandjaja (1984:21-22):

- 1) *Folklor* lesan yaiku *folklor* kang wujud pancen asli lesan (*genre*). *Folklor* kang kalebu sajroning kelompok iki ing antarane yaiku (a) Basa rakyat (*folk speech*) kayata logat, celukkan, pangkat tradhisional lan titel kebangsawan, (b) pitakonan tradhisional kayata, pribahasa, pepatah lan pemeo, (c) pitakonan tradhisional kayata teka-teki, (d) puisi rakyat kayata parikan, gurindam lan syair, (e) Crita prosa rakyat kayata mite, legenda lan dongeng, (f) Lelagon rakyat.
- 2) *Folklor* setengah lesan yaiku *folklor* kang wujud campuran unsur lesan lan dudu lesan, kayata kapercayan rakyat, dolanan tradhisional rakyat, teater rakyat, tari rakyat, adat-istiadat, pesta rakyat lan liyane.
- 3) *Folklor* dudu lesan yaiku *folklor* kang wujud dudu lesan, sanajan cara panggone kanthi cara lesan. *Folklor* iki dibagi loro, yaiku (a) material, ing antarane yaiku arsitektur rakyat (wujud oamah asli dhaerah, wujud lumbung pari lan sapanunggalane), kajian rakyat, klambi lan perhiasan adat, pananganan lan ombenan rakyat, lan obat-obatan tradhisional, (b) dudu material, ing antarane yaiku gerak syarat tradhisional (*gesture*), swara isyarat kanggo omong-omongan rakyat, gamelan, basa isyarat.

Fungsi Folklor

Fungsi minangka sawijining wujud kang nduweni gegayutan antarane unsur siji lan liyane. *Folklor* kang gegayutan karo kabudayan mesthi nduweni piguna utawa fungsi kanggo masyarakat panyengkuyunge. Piguna kang diduweni iku bisa narik kawigaten bebrayan supaya tetep nguri-nguri lan nyengkuyung Tradhisional iku. Piguna *folklor* uga bakal menehi fungsi tumrap panguripan masyarakat.

Akeh ahli kang ngandharake fungsi *folklor* ananging saben ahli anggane ngandharake lan mantha uga beda-beda miturut pamawase dhewe-dhewe. Dundes (sajroning Sudikan, 2001:100) ngandharake limang fungsi *folklor*, yaiku (1) Kanggo ngraketake rasa solidharitas bebarengan (2) Minangka piranti kanggo mbenerake masyarakat (3) Menehi cara kang dibenerake masyarakat (4) Minangka piranti mrotos keadilan masyarakat lan (5) Minangka piranti kang nyenengake saka donya kang nyata saengga bisa ngowahi pakaryan kang bisa malehi dadi pakaryan kang nyenengake.

Foster lan Anderson (sajroning Danandjaja 1984:187) uga nduweni konsep kang beda ngenani fungsi mligine yaiku konsep ngenani fungsi *folklor* babagan pananganan tradhisional kalebu sajroning *folklor* dudu lisan ana papat yaiku (1) ikatan sosial, (2) *solidaritas* kelompok, (3) pananganan lan *ketegangan jiwa*, (4) simbolisme pananganan tumrap basa. Kang dimaksud pananganan minangka ikatan sosial yaiku pananganan iku nduweni makna kanggo ngraketake sawijining tali asih utawa rasa cinta lan *persahabatan*. Gelem narima pananganan kang uwis disuguhake iku, nduweni makna

narima apa kang uwis disuguhake. Manungsa bakal ayem yen bisa mangan bebarengan karo wong kang ditresnani. Tumindak kang kaya mangkana iku, mujudake sawenehing solidaritas klompok maksude yaiku kaya ing saperangan klompok suku ing Indonesia, mangan bebarengan kerep ditindakake minangka wujud saka solidaritas kulawarga. Yen tumindak kang kaya dene ing wayah tartamtu kaya dene ing wayah slametan, syukuran lan sapanunggalane. Mula saka iku pananganan bisa mujudake solidaritas kelompok.

Panganan lan *ketegangan jiwa* kang dimaksud, yaiku pangan tartamtu kang bisa nggambarake *identitas* sawijining kelompok masyarakat. Pananganan kang asale saka dhaerahe dhewe bisa menehi katentreman. Semono uga simbolisme pananganan sajroning bahasa kang nduweni teges ing sajroning basa iku, minangka sipat saka suasanane ati kanthi *kwalitas* utawa kahanan pananganan iku dhewe. Babagan iki bisa kabukti ing sajroning basa, tuladhane yaiku wong kang isih rumaja diarani “setengah mateng”, wong kang ora wani diarani atine “mlempem”, wong kang omongane bisa nglarani ati diarani omongane “pedhes” lan sapanunggalane. Mula saka iku pananganan bisa diarani minangka simbolisme sajroning basa.

Folklor minangka tradhisional rakyat, mesthi nduweni piguna tartamtu kanggo bebrayan kang nyengkuyung. Piguna kang diduweni iku bakal narik kawigatene bebrayan supaya tetep njaga lan ngugemi Tradhisional iku. Piguna *folklor* uga bakal menehi guna tumrap panguripane bebrayan. Miturut Malinowski (sajroning Hutomo, 1991:18) pigunane *folklor* iku kanggo nyukupi kabutuhan naluri manungsa kang gegayutan karo panguripan. Tuldhane yaiku kesenian kang kalebu salah sawijine unsur kabudayan dumadi merga manungsa kepingin nyukupi kabutuhan nalurine marang kaendahan.

Pigunane *folklor* tumrap bebrayan panyengkuyunge, yaiku (1) minangka *sistem proyeksi*, yaiku minangka piranti kacabenggalaning angen-angen sawijining klompok bebrayan, (2) minangka piranti kanggo ngesahake aturan lan lembaga kabudayan, lan (3) minangka piranti panggulawenthah marang anak, lan (4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi aturan-aturan ing bebrayan supaya dilakoni dening anggota klompok mau (Bascom sajroning Danandjaja, 1986:19).

Konsep Pananganan Tradhisional

Konsep ngenani pangan ing panguripane masyarakat Jawa uga diandharake dening Danandjaja (1986:183) ana telu yaiku (1) pananganan pokok, yaiku pananganan kang dipangan sabendina kaping telu kaya dene sega, sayur lan lawuhe, (2) pananganan *sampingan*, yaiku istilaha wong Jawa bisa diarani cemilan, yaiku pananganan kang dikonsumsi ora kanggo nyukupi rasa luwe ananging amung kanggo pelengkap utawa nyukupi rasa pingin, lan (3) pananganan kang mligi yaiku jinis pananganan kang disuguhake amung kanggo adat istiadat utawa tradhisional upacara adat.

Tegese tradhisional miturut Poerwadarminta (sajroning Marwanti 2000:112) yaiku sawijining kahanan (*kondisi*) utawa pakulinan kang uwis turun tumurun

diwarisi saka para luhur saengga angel anggone ngowahi. Panganan tradhisional uga ditegesi dening Santoso (2003:110) minangka panganan kang *dikonsumsi* golongan *etnik* sajroning wilayah kang *spesifik*, diolah saka resep kang diweruhi masyarakat, bahan –bahane saka sumber lokal lan panganan kang diasilake padha karo apa kang dikarepake utawa *sesuai selera*.

Ciri-ciri panganan tradhisional diandharake dening Sosorodiningrat (sajroning Marwanti 2000:113) yaiku (1) resep panganan kang ana kanthi turun-temurun saka generasi sadurunge, (2) panggone alat tradhisional tartamtu ing sajroning pengolahan masakan kasebut (kaya dene panganan kang diolah kanthi alat saka bahan lemah), lan (3) teknik ngolah masakan minangka cara pangolahan kang kudu ditindakake kanggo ngolahake rasa uga rupa kang khas saka sawijining masakan.

Adhedasar saka andharan iki bisa kadudut yen panganan tradhisional iku nduweni teges sawijining panganan sabendinane rakyat kang dikonsumsi dening golongan etnik sajroning wilayah spesifik kang diolah miturut resep-resep panganan utawa masakan kang uwis dikenal lan ditindakake kanthi turun temurun saka para luhur.

Makna lan Simbol

Tembung simbol asale saka basa Yunani *symbolos* kang ateges tandha utawa ciri kanggo tetenger marang wong. Simbolik asale saka tembung simbol kang nduweni teges lambang, yaiku sawijining tandha kang ngandharakake sawijining masalah kang ngundang maksud tartamtu. Simbolik nduweni teges pralambang minangka wujud lahiriyah kang ngandhut maksud, makna saka isine. Simbol iki cundhuk karo pengalaman urip, religius, politik lan organisasi sosial kanthi umum.

Panganan minangka simbol *religius* utawa simbol *hubungan sosial*, simbol *gensis* lan simbol *posisi* tumrap masyarakat. Panganan tradhisional kang gegayutan karo sesajen kanggo nyimbolake sawijining pangarep-arep tartamtu. Sakabehing iki adhedhasar saka kapercayan kanthi turun-temurun.

Simbol iku nduweni pangerten kang beda kaya dene miturut Gretz (sajroning Sudikan, 2001:184) ngandharake yen simbol minangka sarana kanggo ngandharake makna-makna kang arupa gagasan, tumindake, *hasrat-hasrat* lan tetimbangane utawa kapercayan sarta *abstraksi-abstraksi* saka kawruh tartamtu lan wujud kang dimangerteni. Semiotik yaiku ilmu kang praktis ngandharake ngenani tandha-tandha lan pralambang. Ana telung warna yaiku (1) tandha iku dhewe, (2) samubarang kang ditandhani, lan (3) tandha anyar kang dumadi saka batin panarima.

Sabanjure Poerwadarminta (1937:947) ngandharake, yen simbol minangka pralambang. Pralambang nduweni teges samubarang kaya dene tandha kang nuduhake samubarang utawa teges kang beda. Tuladhane gambar pari nduweni pralambang ayem tentrem, werna abang nduweni teges wani.

Makna simbolik ing panaliten iki yaiku panganan utawa jajanan sing bisa dadi simbol ing salah siji dhaerah utawa panganan iku uga bisa ana ing acara tartamtu, kayata acara adat utawa acara agama. Lan

panganan kasebut bisa dadi panganan khas kutha kasebut, amarga bakul utawa wong sing adol iku bisa ngadol panganan-panganan kasebut.

fungsi panganan tradhisional khas ing Tulungagung. Panganan kasebut nduweni fungsi sing sesambungan karo profan lan magis. Miturut Kamus Besar Indonesia (2001:897) Profan yaiku ora ana sangkutane karo agama, utawa tujuwan keagamaan, lawan skral. Ora kudu(suci). Magis, nduweni sipat magi, nduweni sambungan karo bab utawa kelakuan magi (Kamus Besar Indonesia 2001:695).

Lelandhesan Teori

Supaya panaliten iki tetep ing lingkup masalahe lan ora uwal saka jalure mula kudu ana landhasan teori. Landhasan teori sing digawe ing panaliten iki, yaiku nggunakake teori *folklor* duweke Danandjaja, lan konsep panganan lan simbol duweke Poerwadarminta .

Danandjaja (1986:2) ngandharake yen *folklor* iku asale saka tembung folk lan lore. *Folk* yaiku sakumpulane manungsa sing nduweni tetenger dadi bebrayan sing isih nganut babagan sosial lan kabudayane. Dene *lore* yaiku tradhisional kang diduweni *folk* kuwi mau. Dudutane, *folklor* yaiku salah sawijine wujud tradhisional kang diduweni bebrayan.

Poerwadarminta (1937:947) ngandharake yen simbol minangka pralambang. Pralambang nduweni teges samubarang kaya dene tandha kang nuduhake samubarang utawa teges kang beda. Pateda (2001:28) merang tandha dadi lima, yaiku (1) tandha kang dumadi saka manungsa sing wujud lambang utawa isyarat, (2) tandha kang dumadi saka kewan, (3) tandha kang dumadi saka kryaning manungsa, (4) tandha kang dumadi saka alam, lan (5) tandha kang dumadi saka tetanduran.

METODHE PANLITEN

Ancasing Panaliten

Ing panaliten panganan tradhisional Kabupaten Tulungagung iki mujudake panaliten kualitatif deskriptif. Moleong (1990:5) ngandharake yen panaliten kualitatif, yaiku panaliten kang nggunakake ancangan naturalistik kanggo nggoleki sawenehing informasi ngenani kedadeyan ing bebrayan. Metodhe iki dianggo kanthi tujuwan yen data kang diasilake awujud data tulis utawa lisan saka manungsa kang bisa dideleng.

Taylor (sajroning Moleong, 1990:3) ngandharake yen pendekatan kualitatif, yaiku prosedur penelitian kang ngasilake data deskriptif kang arupa tembung-tembung katulis, utawa lisan saka informan lan tumindak kang bisa dideleng. Panaliten kualitatif mesthi asipat *fenomena*, ora mujudake angka utawa *koefisien* ngenani gegayutan antar variabel siji lan sjine. Mula saka iku, ing sajroning panaliten iki migunakake pendekatan kualitatif, amarga data sing diasilake arupa dheskriptif kang ora mujudake angka.

Objek lan Papan Panliten

Objek ing panaliten iki yaiku ngenani panganan tradhisional Kabupaten Tulungagung. Panaliten babagan panganan tradhisional iki dianakake ing pasar-pasar

Tulungagung. Papan panggonane paneliten iki ing pasar-pasar ing kecamatan Tulungagung.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber Dhata

Sumber data yaiku sumber kang bisa menehi informasi utawa kawruh marang panaliten. Sumber data ing panaliten iki, yaiku panganan kang ana ing Kabupaten Tulungagung. Informan yaiku wong kang bisa menehi katerangan utawa informan ngenani objek panaliten.

Dhata

Data yaiku asil cathetan panaliten kang arupa fakta utawa angka. Data kang diasilake panaliten yaiku arupa teks lisan. Teks lisan kasebut diasilake saka asil wawancara karo masyarakat Kabupaten Tulungagung, banjur dikumpulake lan disusun. Sawise kuwi banjur dititngi saengga bisa weruh asil bandhingan teks lisan siji lan sijine saka carita para narasumber kasebut.

Instrumen Panliten

Ing sajroning panaliten mesthi ana sawijining teknik kanggo ngumpulake data. Teknik kasebut dipantha dadi loro yaiku instrumen panaliten lan tatacara ngumpulake. (Arikunto, 2002:126) nggunakake instrumen dadi telu, yaiku (1) Instrumen panaliten. Instrumen iku pirantine panaliten supaya metode-metode sing dianggo bisa cundhuk Mula saka iku ing sajroning panaliten iki instrumen nduweni kalungguhan kang wigati kanggo njupuk data. Supaya data iku mau bisa luwih jangkep. (2) Instrumen Utama. Ing panaliten iki kang dadi instrumen utama yaiku panulis amarga panulis sing nindhakake panaliten iki diwujudake arupa laporan kang disusun wiwit nol nganti pamungkasan, (3) Instrumen Panyengkuyung. Instrumen panyengkuyung (bantu) minangka alat panyengkuyung (bantu) kanggo nyengkuyung nalika nindhakake panaliten. Kang dadi instrumen yaiku *tape recorder*, *kamera* lan buku catetan.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata yaiku cara kang digunakake kanggo ngasilake lan nglumpukake dhata. Panliten iki nggunakake tata cara nglumpukake dhata kayata:

Observasi

Observasi yaiku panaliten ngamati langsung tumrap subjek lan objek kang diteliti. Danandjaja (1984:198), ngandharake babagan-babagan kang kudu dijlimeti sajroning ngamati langsung ing antarane yaiku: lingkungan fisik sawijining *folklor* kang dituduhake, lingkungan sosial sawijining wujud *folklor*, interaksi sawijining peserta tontonan jinis *folklor*, tontonan jinis *folklor* iku dhewe lan mangsa tontonan.

Babagan-babagan kang kudu dilakoni sajroning ngamati kanthi langsung yaiku (1) panaliti nekani papan panggonan, (2) panaliti ngamati nalika nggawe panganan sing arep diteliti, (3) panaliti njupuk dokumntasi nggunakake kamera digital lan hp, (4) panaliti nyateti bab-bab kang dianggep penting kanthi nggunakake kertas lan pulpen.

Nalika nyathet panaliten sarujuk lan migunakake andharan Hutomo (1991:78-79) yaiku rekaman lan bahan. Kang dicathet panaliti ana gegayutane karo rekaman kayata (1) tanggal rekaman, (2) papan nalika rekaman, (3) rekaman asli utawa rekaman kang ora asli. Kang ana gegayutane karo informan kayata (a) Jeneng informan, (b) umur informan, (c) jinis kelamin informan, (d) pakaryan utawa pendhidhikan informan, lan (e) basa kang digunakake informan, pengalaman. Sabanjure ngenani bahan kang perlu dicathet, yaiku *genre*, istilah-istilah kang digunakake ing masyarakat, lan alasan nggawe istilah-istilah kasebut. Ing panaliten iki babagan kang dicathet yaiku padha karo kang uwis diandharake dening Hutomo yaiku nyathet jeneng, umur, pendhidhikan utawa pakaryan lan sapanunggal.

Tatacara kang ditidake dening panaliten nalika nindakake observasi yaiku (1) Nekani informan kang biasane kerep nggawe panganan tradhisional Tulungagung; (2) Ngamati tatacara nggawe panganan tradhisional Tulungagung; (3) Nyatet samubarang kang dianggep wigati kanggo nyengkuyung data; (4) Njupuk gambar ndhokumentasikake data nganggo kamera.

Wawancara

Wawanrembug yaiku cara kanggo nggolek wangsulan kanthi langsung saka responden. Teknik wawanrembug dilakokake kanggo nglengkapi sumber dhata lan bisa nakokake prakara-prakara ngenani crita sing durung dimangerteni. Miturut Sudikan (2001:90) merang wawanrembug dari rong bageyan miturut wujud pitakonane yaiku: (1) Wawanrembug tinutup, yen wangsulan mung winates sing dikarepake panaliti saka informan, (2) wawanrembug tinarbuka, yen wangsulan sing dikarepake ora winates, kabeh apa sing diweruhi informan. Ing kene ana tata carane yen arep nganakake wawanrembug yaiku: (a) wektu anggane wawanrembug (wektune ora ngganggu wektune informan), (b) yen lagi wawanrembug aja suwe-suwe, takon saperlune wae. (c) aja takon ngenani sifat sing sensitive lan pribadhi, (d) manut marang informan lan aja ngguruhi informan, amarga mengko bisa ndadekake informane nesu lan ora gelem aweh informasi maneh, (e) aja mbantah marang apa kang kaucap dening informan, (f) aja nyela utawa medhot yen informan lagi ngomong (Sudikan, 2001: 177).

Nyathet

Tata cara nyathet dilaksanakake kanggo njupuk informasi sing diasilake saka lapangan kanthi nyathet apa wae sing dianggep penting. Panaliti nggawe cathetan-cathetan ngenani kabeh prakara sing ana gayutane karo kedadeyan utawa prakara sing ana ing lapangan kayata nyathet jumlah penduduk, etnografi lan liya-liyane. Nalika nyathet, panaliti adhedhasar saka andharan kang ana ing Hutomo (1991:78-79) yaiku gegayutan karo rekaman, informan lan bahan. Kang dicathet panliti ana gegayutane karo rekaman kayata: (1) tanggal rekaman, (2) papan nalika rekaman, (3) rekaman asli utawa rekaman kang ora asli. Dene kang gegayutan karo informan kayata: (1) jeneng informan, (2) umur informan, (3) jenis kelamin informan, (4) pakaryan utawa pendhidhikan informan, (5) basa kang digunakake

informan. Banjur yen ngenani bahan, kang perlu dicathet yaiku genre, istilah-istilah kang digunakake ing masyarakat lan alasan nggawe istilah-istilah kasebut. Babagan kang dicathet ing panaliti iki padha karo kaya sing diandharake dening Hutomo ing ndhuwur iku mau, yaiku nyathet jeneng, umur, pendhidhikan utawa pakaryan, basa informan.

Dokumentasi

Dhokumentasi sajrone panaliti iki dianakake kanggo njupuk gambaran umum ngenani lokasi, dhokumen utawa dhata-dhata sing uwis diklumpukake saka instansi sing saemper kanggo tema panaliti iki yaiku sesambungane Panganan tradhisional Kabupaten Tulungagung. Dhata arupa foto sing ana gayutane karo fokus panliten uga ditampilake kanggo dhata palengkap lan panjelas gambar objek panliten supaya asiling panliten ora diragokake.

Tata Cara Ngalalisis Dhata

Miturut Endraswara (2009:223) analisis dhata ing panaliti kabudayan ora beda kaya analisis dhata ing panaliti kualitatif yaiku kaperang dadi telung trap-trapan: (1) *open coding* yaiku panliti ngupaya supaya bisa pikoleh variasi dhata kang jangkep, ing kene panliti ngrinci, milah-milah dhata sing nyengkuyung lan dhata sing ora nyengkuyung, mriksa siji mbaka siji dhata kanthi tliti ngenani dhata endi sing digunakake lan sing ora digunakake, nandhing-nandhingake cathetan, asiling pengamatan lan rekaman, ngonsep lan nglompokake dhata, (2) *axial coding* yaiku nglompokake maneh dhata-dhata sing uwis diklasifikasekake banjur panaliti nggunakake sesambungan *antarkategori* supaya ora ana sing dibolan-baleni. Ing kene ora nengenake teori, nanging luwih nengenake ing pamawase informan lan (3) *selective coding* yaiku panaliti nyuguhake asiling kajian sajrone tabel-tabel yen kepengin nggunakake tabel. Tabel digunakake supaya bisa nggampangake anggane maca dhata, saka tabel kuwi mau bisa diweruhi kepriye sesambungane *antarkategori*. Saka kene bisa ditemtokake dudutan sing dikarepake.

wujud *folklor*, interaksi sawijining paserta tontonan jinis *folklor*, tontonan jinis *folklor* iku dhewe lan mangsa tontonan.

Babagan-babagan kang kudu dilakoni sajroning ngamati kanthi langsung yaiku (1) panaliti nekani papan panggonan, (2) panaliti ngamati nalika nggawe panganan sing arep ditliti, (3) panaliti njupuk dokumntasi nggunakake kamera digital lan hp, (4) panaliti nyateti bab-bab kang dianggep penting kanthi nggunakake kertas lan pulpen.

Nalika nyathet panaliten sarujuk lan migunakake andharan Hutomo (1991:78-79) yaiku rekaman lan bahan. Kang dicathet panaliti ana gegayutane karo rekaman kayata (1) tanggal rekaman, (2) papan nalika rekaman, (3) rekaman asli utawa rekaman kang ora asli. Kang ana gegayutane karo informan kayata (a) Jeneng informan, (b) umur informan, (c) jinis kelamin informan, (d) pakaryan utawa pendhidhikan informan, lan (e) basa kang digunakake informan, pengalaman. Sabanjure ngenani bahan kang perlu dicathet, yaiku

genre, istilah-istilah kang digunakake ing masyarakat, lan alasan nggawe istilah-istilah kasebut. Ing panaliten iki babagan kang dicathet yaiku padha karo kang uwis diandharake dening Hutomo yaiku nyathet jeneng, umur, pendhidhikan utawa pakaryan lan sapanunggal.

Tatacara kang ditidakake dening panaliten nalika nindakake observasi yaiku (1) Nekani informan kang biasane kerep nggawe panganan tradhisional Tulungagung; (2) Ngamati tatacara nggawe panganan tradhisional Tulungagung; (3) Nyatet samubarang kang dianggep wigati kanggo nyengkuyung data; (4) Njupuk gambar ndhokumentasikake data nganggo kamera.

Tata Cara Nulis Asiling Panliten

Panaliti iki ngolah dhata kang arupa asile wawanrembug lan dhata tinulis informasi saka warga Kabupaten Tulungagung, Tata cara nulis asile panaliti iki nuduhake upaya kanggo nyuguhake asile analisis dhata kang awujud laporan uga crita-crita kang diasilake sajrone panaliti iki. Tata cara nulis asile panaliti ing kene yaiku kanthi cara informal lan formal.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

Data Etnografi Kabupaten Tulungagung Gegambaran Kabupaten Tulungagung

Tulungagung minangka salah sawijining kabupaten saperangan Saka propinsi ing Jawa Timur. Tulungagung winatesan langsung karo kabupaten ing sacedhake, yaiku ing sisih lor Karesidenan Kediri, sisih wetan kabupateb Blitar, lan sisih Kulon Kabupaten Trenggalek. Wates wilayah sisih kidul dudu wujud kabupaten nanging winatesan karo samodra Indonesia. Ambane wilayah Kabupaten Tulungagung yaiku 1.005, 65 km, dumadi saka 19 kecamatan. Wilayah sing paling amba nduweni ukuran 117, 73 km, manggon ing sisih kidul yaiku kecamatan Tanggunggunung. Kecamatan paling ciyut nduweni ukuran 13, 67 km manggon ing satengah kabupaten yaiku kecamatan Tulungagung. Rata-rata amba kecamatan liyane nganti 97 km.

Jarak saka Surabaya menyang Tulungagung kurang luwih 155 km. Kutha sing dilewati yaiku Krian, Mojokerto, Jombang, lan Kediri. Jarak saka Kuta Kediri menyang Tulungagung kurang luwih semono uga saka Kabupaten Blitar lan Trenggalek. Kahanan geografis kutha Tulungagung yaiku miturut arah bujur wetan manggon ing 111 nganti 43' lan 7 nganti 51' lintang kidul. Wates bujur wetan liyane yaiku 112 lan 07' lan 8 nganti 18' lintang kidul. Wates kasebut cundhuk karo catetan saka Badan pusat Statistik Kabupaten Tulungagung. Adhedasar data kasebut, kahanan Kabupaten Tulungagung nduweni rong mangsa yaiku mangsa rendheng lan ketiga. Mangsa kasebut sing ndadekake masyarakat Tulungagung mayoritas tani.

Kahanan Masyarakat Kabupaten Tulungagung

Kahanan masyarakat Kabupaten Tulungagung saiki luwih heterogen tinimbang jaman mbiyen. Akeh masyarakat *pendatang* sing dagang ing Kabupaten Tulungagung. Masyarakat Cina akeh ndominasi ing desa pecinan sing manggon ing sacedhake pasar gedhe, yaiku pasar wage sing manggon ing tengah kutha. Dalan-dalan kutha luwih akeh dipanggoni tokone wong pecinan.

Saperangan ana masyarakat Arab, banjar lan *pendatang* liyane.

Saperangan pabrik gedhe ing njaba kecamatan kutha yaiku Kecamatan Ngunut, Sumbergempol, Campurdarat, Kauman. Pabrik gedhe ing Kecamatan Ngunut kayata perusahaan piranti kaspada, perusahaan tenun lan perusahaan piranti tentara. Kecamatan Sumbergempol ana pabrik keramik. Pabrik marmer ing Campurdarat. Pabrik gula lan tenun ing Kauman. Perusahaan teh ing Sendang sing ditandur ing pereng gunung Wilis. Saperangan kecamatan sing ora ana pabrik utawa perusahaan kayata Kecamatan Bandung, Kecamatan Gondang, Kecamatan Pakel, Kecamatan Pagerwaja, Kecamatan Boyolangu, lan Kecamatan Ngantru. Kahanan masyarakat sing ora ana pabrik lan perusahaan didominasi karo masyarakat tani.

Beda karo masyarakat pegunungan sing nduweni lahan watu organik, masyarakat nggawe industri cilik migunakake bahan saka watu onik sing didadekne maneka warna hiasan lan piranti omah, kayata meja rias, meja suvernir, panggonan ngombe, patung, vas, lan liya-liyane. Mung saperangan cilik masyarakat sing nyengkuyung kesenian sing ana ing lingkunganane. Kagiyanan luwih akeh kanggo nggawe produk barang supaya oleh dhuwit sing luwih akeh.

Pendhudhuk Kabupaten Tulungagung

Adhedhasar data sementara per-1 februari taun 2013 cacahé pendhudhuk ing Kabupaten Tulungagung yaiku 1.187.731 wong, kaperang saka 596.719 priya, 591.719 wanita.

Sistem pangupajiwo Masyarakat Kabupaten Tulungagung

Kabupaten Tulungagung minangka dhaerah sing gampang anggone oleh banyu kanggo ngileni banyu ing sawah. Ambane lahan sawah kurang luwih 8 km utawa 19, 96% miturut BAPEDA Tulungagung. Lahan kasebut cocok kanggo tandhuran sakmangsa. Merga saka kuwi kudu dipupuk lan dijaga amarga struktur lemah sing apik bisa kanggo produktivitas asile panen. Pari minangka tanduran kang utama sumebar ing watara 5 km. Jagung lan tebu ditandur watara 2 km lan buah ing area watara 1 km.

Wujud Panganan tradhisional ing Kabupaten Tulungagung

Wujud panganan tradhisional ing Kabupaten Tulungagung yaiku geti, jenang sabun, jenang manten, lodho, punten, kicak, cenil, cimplong, sega patik, sega loncom, krupuk rambak, bubur ketan, emping melinjo, tape bakar, utri, gethuk, gathot, thiwul, growol, iwel-iwel.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar saka asiling panaliten kang uwis ditindhakake bisa kadudut yen panganan khas Tulungagung salah sijining panganan tradhisional kang kalebu jinising kabudayan mligine yaiku *folklor* dudu lisan. Panganan khas Tulungagung ing kabupaten Tulungagung iki bisa kabukti saka hasil panaliten yen

warga Tulungagung isih ngugemi panganan khas Tulungagung minangka salah sijine jinis panganan kang nduweni makna tartamtu uga nduweni paedah tumrap masyarakat.

Panganan tradhisional khas Tulungagung iki isih akeh panganane. Nanging ing kene panaliten bisa njupuk mung ana rong puluh wujud panganan kang bisa diteliti, yaiku geti, jenang sabun, jenang manten, lodho, punten, kicak, cenil, cimplong, sega patik, sega loncom, krupuk rambak, bubur ketan, emping melinjo, tape bakar, utri, gethuk, gathot, thiwul, growol, iwel-iwel.

Sing kalebu panganan profan yaiku: geti, jenang sabun, jenang manten, lodho, punten, kicak, cenil, cimplong, sega patik, sega loncom, krupuk rambak, bubur ketan, emping melinjo, tape bakar, utri, gethuk, gathot, thiwul, growol, iwel-iwel. Sing kalebu ing magis yaiku: geti, jenang sabun, jenang manten, lodho, iwel-iwel. Jinis-jinis panganan Tulungagung iki kabeh wujud saka kawigatene masyarakat Tulungagung marang kabudayan kang diwarisake dening para leluhur kang kudu dileluri nagti saiki.

Pamrayoga

Adhedhasar saka dudutan kang uwis dijlentrehake ing ndhuwur ana sawenehe saran kang perlu panaliten ujarake kaya dene; kabudayan minangka warisan leluhur kudu tetep dileluri supaya tetep raja mligine yaiku panaganan khas Tulungagung minangka salah sijining panganan Tradhisional kang saya suwe saya jarang ditemoni. Kanggo masyarakat kabupaten Tulungagung supaya tetep njaga asiling kabudayan minangka warisan leluhur uga aset bangsa kang kudu tetep dijaga. Senajan ing jaman saiki akeh jinis-jinis panganan moderen. Kang saya suwe saya mangaribawani tumindak sarta polah tingkahe maunungsa, ananging panganan Tradhisionalional sejatine wigati anget tumrap panguripane manungsa mligine yaiku kanggo njaga aset lan warisan leluhur kang ora bisa uwal saka panguripane manungsa ing jaman saiki. Kajab panaliten iki bisa dadi salah sijining panyengkuyung kanggo panaliten ing sabanjur.

DAFTAR PUSTAKA

- Ahmadi, Abu. 1985. *Antropologi Budaya*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT. RinekaCipta.
- Ali Muhamad. 1982. *Penelitian Kependhudhukan, prosedur dan Strategi*. Bandung: Angkasa.
- Danandjaja, Jams. 1984. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng, dan Lain-lain*. Jakarta: Grafisi Press.
- Endraswara, Suwardi. 2009. *Metode Penelitian Folklor konsep, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Pressindo.

- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya : Indonesia.
- Ihromi, T. O. 2000. *Pokok-pokok Antropologi Budaya*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- Koentjaraningrat. 1985. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: PT Gramedia.
- _____. 1994. *Kebudayaan Mentalitas Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- _____. 2003. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: PT Gramedia.
- _____. 1994. *Kebudayaan Jawa, Seri Etnografi Indonesia No.2*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT Tiara Wacana Yogyakarta
- Mardalis. (1990). *Metodologi Panalitenan: Suatu Pendekatan Proposal*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Moleong, lexy. 1990. *Metode penelitian kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya
- Pateda. 2001. *Semantik Leksikal*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Poerwadarminta. 1937. *Baoesastra Djawi*. Tokyo
- Santoso, Riyadi. 2003. *Semiotik Sosial: Pandangan Terhadap Bahasa*. Surabaya: Pustaka Eureka.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik 1* 87
Bahasa. Yogyakarta: Duta Wacana U1
Press
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana
- [http://id.wikipedia.org/wiki/Kabupaten Tulungagung](http://id.wikipedia.org/wiki/Kabupaten_Tulungagung)

